

# Kesyon Moun Poze Souvan sou pwogram Fasad Ouvè (Open Storefronts) a

v. 10/28/2020

## 1. Kiyès ki elijib pou aplike pou pwogram Fasad Ouvè a?

Nenpòt biznis ki gen fasad ki anba ki sitou nan lavant machandiz dirèkteman bay piblik la. Anplis biznis ki nan komès an detay yo (sa vle di, magazen rad ak magazen ekipman, magazen ki vann manje an detay, magazen ki vann pwodui sante ak swen pèsonèl), magazen reparasyon, sèvis swen pèsonèl, ak sèvis dray ak lesiv yo kapab itilize espas la pou fè moun chita, fèy liy oswa espoze machandiz sèch. Yon biznis ki gen “fasad ki anba” se yon biznis ou kapab soti nan lari a epi ou antre ladan li dirèkteman epi ki gen fas li ki bay sou twotwa a.

## 2. Ki aktivite yo otorize / yo pa otorize nan pwogram Fasad Ouvè a?

- Ou ka mete pano tanporè (sa vle di, ankadreman ann A yo), layite machandiz, fè tranzaksyon, mete chèz ak kòd/poto sipò, fè aktivite pwomosyon, epi mete parapli ak tant ki kapab pliye nan zòn twotwa ki apwopriye yo epi nan zòn wout ki fè pati [Lari Ouvè yo: Restoran yo](#)
- Ou pa ka mete aparèy chofaj nan zòn deyò yo
- Ou ka sèlman vann machandiz sèch deyò, sof bagay yo entèdi moun vann deyò yo (sa vle di, alkòl, sigarèt/tabak/sigarèt elektwonik, pwodui nan famasi, bagay pou granmoun)
- Ou pa ka fè sèvis pèsonèl (sa vle di, koupe cheve, kosmetoloji) deyò
- Ou ka sèlman vann machandiz an deyò yon biznis ki deja gen lisans pou vann deyò, sinon ou pa bezwen yon nouvo lisans pou vann
- Ou dwe konfòme ou ak tout pèmi ak règleman ki egziste yo ki gen pou wè ak layite pwodui pou vann
- Ou ka kite yo depoze bagay kliyan yo achte yo deyò pou kliyan yo pran
- Yo entèdi son ki anplifye
- Ou pa ka kite lòt biznis yo itilize twotwa oswa wout ki devan an (gratis oswa yon lòt manyè) sof yon restoran ki gen otorizasyon pou fè sa
- Ou ka fè aktivite ki akseptab yo soti 30 oktòb rive 31 desanm 2020
- Ou dwe sispann tout aktivite deyò yo pandan yon [Alèt Nèj DSNY \(DSNY Snow Alert\)](#) an vigè

## 3. Ki twotwa oswa lari ki akseptab?

Pwogram Fasad Ouvè a ka itilize tout twotwa nan Vil New York ki gen yon lajè ki depase 8 pye ki kadre ak kritè anplasman yo.

Tout lari k ap patisipe nan pwogram [Lari Ouvè: Pwogram](#) Fasad Ouvè a ka itilize pwogram restoran yo selon kritè anplasman yo.

#### **4. Kilè etablisman m lan kapab kòmanse itilize espas twotwa deyò a?**

Etablisman k ap chèche itilize lòt twotwa piblik pou fonksyònman biznis yo dwe soumèt yon fòm sou entènèt nan [nyc.gov/openstorefronts](https://nyc.gov/openstorefronts) epi yo ka kòmanse depi yo fin soumèt li (30 oktòb oswa apre 30 oktòb)

#### **5. Biznis mwen an anba lakay men ou kapab sot nan lari a epi ou antre ladan l. Èske m kapab patisipe nan pwogram Fasad Ouvè a?**

Sa depann. Si w se yon biznis ki ap vann piblik la machandiz ak/oswa sèvis, antre magazen an aksesib pou piblik la apati lari a, epi devan biznis lan se sèlman biznis ou an (sa vle di, ou pa pataje li avèk lòt biznis ki gen fasad), ou ka patisipe nan pwogram Fasad Ouvè a, menm si kliyan yo dwe desann eskalye pou yo antre nan fasad ou a. Fòk ou respekte tout kritè anplasman yo.

#### **6. Lè biznis mwen an fèmen, èske m ka estoke epi mare materyèl yo sou twotwa a?**

Non. Ou dwe mete tout atik ak materyèl yo anndan lè biznis lan fèmen. Bagay tankou plant nan po oswa ban ka rete deyò selon lwa ki an vigè yo (sa vle di, ou dwe apiye yo nan mi biznis lan oswa pi pre ou kapab).

#### **7. Biznis mwen an gen yon estann deja, èske m ka kontinye itilize li?**

Wi, si w deja gen yon lisans pou estann. Biznis yo ka kontinye itilize estann yo a selon tèm ak kondisyon yo te ba yo estann lan pou li a. Estann yo pa bezwen defèt epi yo kapab rete an plas lè biznis lan fèmen.

#### **8. Fasad ki toupre biznis mwen an vid, èske m ka mete materyèl oswa afiche machandiz devan fasad ki sou kote a?**

Non. Biznis yo ka sèlman itilize twotwa ki dirèkteman devan biznis yo a, epi yo pa kapab depase lajè fasad yo a.

#### **9. Èske gen yon opsyon nan pwogram Fasad Ouvè a pou itilize liy pakin bò twotwa a?**

Pwogram Fasad Ouvè a pa pèmèt ou itilize wout la. Men, si yon biznis chita kò li nan yon [Lari Ouvè: Koulwa](#) restoran yo, biznis lan pral gen opsyon pou li itilize twotwa ak/oswa wout la pandan èdtan Lari Ouvè yo: Pwogram restoran.

### **10. Èske gen yon frè pou aplike pou pwogram Fasad Ouvè a?**

Vil la pa mande okenn frè pou aplike pou pwogram lan.

### **11. Èske mwen bezwen asirans?**

Vil la rekòmande w pale ak koutye asirans ou an pou asire w genyen pwoteksyon ki apwopriye a.

### **12. Kilè yo fonksyone chak jou?**

Ou ka itilize pwogram Fasad Ouvè a:

- Jou lendi rive samdi: 8è AM-11è PM
- Jou dimanch: 10è AM-11è PM

Men, biznis yo ka sèlman itilize twotwa a pandan èdtan travay yo.

### **13. Biznis mwen an louvri pi bonè epi/oswa li rete louvri pi ta pase èdtan fonksyònman ki otorize pou pwogram Fasad Ouvè a. Èske m ka kontinye itilize espas deyò a pandan biznis mwen an louvri?**

Biznis yo ka sèlman itilize twotwa a pandan èdtan biznis la ap fonksyone yo. Si èdtan travay yo se pi bonè epi/oswa pi ta pase èdtan ki otorize pou pwogram Fasad Ouvè a, fòk ou fin itilize espas deyò a anvan lè ki otorize a. Èdtan pwogram Fasad Ouvè yo se 8è AM rive 11è PM lendi rive samdi, epi 10è AM rive 11è PM jou dimanch.

Pa egzanp, si yon biznis louvri a 9è AM jou dimanch, biznis lan ka sèlman itilize espas deyò a apati 10è AM. Yon lòt bò, si yon biznis fèmen a 10è PM, li dwe sispann itilize twotwa a nan moman biznis lan ap fèmen an.

### **16. Biznis mwen an fèmen nan kad Inisyativ Fwaye Kontaminasyon COVID Eta a. Èske mwen ka toujou fonksyone deyò nan kad pwogram Fasad Ouvè a?**

Non, si yo konsidere biznis ou an tankou yon biznis ki pa esansyèl. Biznis esansyèl yo ka kontinye patisipe nan pwogram Fasad Ouvè a. Biznis yo dwe suiv [enstriksyon Eta New York](#) ak [DOHMH etabli yo](#).

### **17. Konbyen tan pwogram Fasad Ouvè a ap fè?**

Itilizasyon twotwa pou aktivite ki otorize yo pral dire jiska 31 desanm 2020.

**18. E si yo deja enstale yon bagay sou twotwa ki devan etablisman m lan, tankou yon kote pou kanpe bekàn oswa estasyon Citi Bike?**

Vil la pa pral ni retire ni transfere mèb nan lari yo. Anplis, etablisman an pa kapab retire okenn pwopriyete Vil la ki deja enstale sou twotwa ki devan etablisman yo a. Depi etablisman an retire yo, l ap peye yon amann.

**19. Èske m kapab ajoute ekleraj sou twotwa ki devan biznis mwen an.**

Wi, akondisyon ekleraj la pa vegle moun ak machin k ap pase epi li respekte Kòd pou Prevansyon Flanm Dife Ponpye Etazini ak lòt Kòd Prevansyon Ensandi ki aplikab yo.

**20. Èske m kapab ranje machandiz oswa materyèl sou toude bò twotwa m lan ki laj anpil depi gen yon chemen pou pyeton nan mitan an ki fè uit (8) pye?**

Non, ou ka sèlman itilize espas twotwa ki bò kote fasad ou a, jiska 5 pye ak liy pwopriyete w la. Uit (8) pye se egzijans MINIMÒM pou yon chemen pyeton.

**21. Èske m kapab mete machandiz oswa materyèl sou twotwa ki toupre rebò twotwa ki nan “zòn amenajman” an?**

Non, yo sèlman otorize atik ak machandiz yo pou yo dirèkteman toupre fasad bilding lan, akondisyon materyèl yo nan yon distans ki pa depase 5 pye ak liy pwopriyete a epi yo kenbe yon espas uit (8) pye ak rebò twotwa a.

**22. Biznis mwen an ki anba gen de (2) fasad, piske li nan kwen an oswa li se yon magazen an fòm L, kijan pou m endike Longè Total (an pye)\* ak Lajè Total (an pye)\* demansyon pou komès detay deyò nan aplikasyon pou pwogram Fasad Ouvè a?**

Ajoute longè toude kote yo pou jwenn Longè Total la (an pye)\*. Lajè w la ta dwe menm ak toude kote yo, donk pou jwenn Lajè Total la (an pye), itilize sipèfisi sa a.

**23. Mwen deja gen espas pou komès detay deyò, èske m bezwen aplike?**

Kalite espas pou komès detay deyò a ki pa mande apwobasyon Depatman Transpò Vil New York se:

- Espas deyò ki prive tankou lakou devan, lakou sou kote, lakou dèyè oswa lakou yo.
- Pakin prive yo

